



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK REJYON SOU WOUT POU ANTRE NAN FAZ IV NAN RE-OUVÈTI A VANDREDI

New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country ak Southern Tier sou wout pou antre nan Faz IV nan re-ouvèti a vandredi

Direktiv pou Faz IV la pral pèmèt rasanbleman sosyal 50 moun ak rasanbleman relijye nan espas fèmèn nan 33 pousan kapasite

Long Island antre nan Faz III nan re-ouvèti a jodi a

1.1 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

Ospitalizasyon yo bese nan 1,071

Konfime 581 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 389,666; gen nouvo ka nan 33 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke senk rejyon - New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country ak Southern Tier - sou wout pou antre nan Faz IV nan re-ouvèti a vandredi. Eta New York te pibliye direktiv pou Faz IV la, ki pral otorize atizay ak divètisman, film ak pwodiksyon televizyon, edikasyon siperyè ak espò pwofesyonèl san fanatik, nan espas fèmèn ak anplennè. Direktiv pou Faz IV nan re-ouvèti a disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse ke nan Faz IV re-ouvèti a, rasanbleman sosyal jiska 50 moun ap otorize epi rasanbleman relijye nan espas fèmèn yo ap otorize nan jiska 33 pousan kapasite anndan sit la.

Long Island antre nan Faz III nan re-ouvèti a jodi a.

"Apwòch nou an te jistifye epi re-ouvèti pa faz la ki baze sou reyalyte yo ap mache", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen te di depi nan premye jou a ke teyori pou viris la jere sou plan politik la pa ka fèt. Viris la pa reponn ak teyori politik - li reponn ak lasyans ak done yo. N ap vanse ak endikatè nou yo ak re-ouvèti pa faz nou an, epi senk rejyon yo prepare pou antre nan Faz IV la vandredi. Nimewo yo kontinye

pwogrese nan bon direksyon an pandan nou sòti nan youn nan pousantaj enfeksyon ki pi wo pou rive nan youn nan pi ba nan peyi a, kidonk nou pral otorize tou yon ti jan plis rasanbleman sosyal ak relijye men moun yo dwe kontinye mete mask, kenbe distans sosyal ak lave men yo souvan pou rete san danje."

Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 1,071 (-33)
Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital - 97 (+27)
Lopital Konte yo - 31
Kantite ICU - 290 (-12)
Kantite ICU yo te mete nan tib respiratwa yo - 190 (-14)
Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 69,900 (+131)
Kantite Lanmò - 17
Kantite Lanmò Total - 24,782

Sou 51,144 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 581 oswa 1,1 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

| REJYON | DIMANCH | LENDI | MADI |
|------------------|----------------|--------------|-------------|
| New York City | 1.10% | 1.40% | 1.20% |
| Capital Region | 0.70% | 1.30% | 0.20% |
| Central New York | 0.70% | 1.80% | 2.30% |
| Finger Lakes | 0.70% | 1.10% | 1.20% |
| Long Island | 0.90% | 1.10% | 1.10% |
| Hudson Valley | 1.00% | 1.00% | 0.90% |
| Mohawk Valley | 1.40% | 0.50% | 2.30% |
| North Country | 0.10% | 0.40% | 0.00% |
| Southern Tier | 0.30% | 0.20% | 0.10% |
| Western New York | 1.00% | 1.30% | 1.00% |

Gouvènè a te konfime tou 581 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 389,666 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 389,666 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 2,065 | 3 |
| Allegany | 58 | 0 |
| Broome | 671 | 0 |
| Cattaraugus | 120 | 2 |

| | | |
|--------------|---------|-----|
| Cayuga | 109 | 1 |
| Chautauqua | 118 | 2 |
| Chemung | 139 | 0 |
| Chenango | 142 | 1 |
| Clinton | 100 | 0 |
| Columbia | 454 | 0 |
| Cortland | 44 | 0 |
| Delaware | 91 | 0 |
| Dutchess | 4,158 | 8 |
| Erie | 7,108 | 35 |
| Essex | 41 | 0 |
| Franklin | 28 | 0 |
| Fulton | 244 | 0 |
| Genesee | 230 | 1 |
| Greene | 256 | 0 |
| Hamilton | 6 | 0 |
| Herkimer | 142 | 5 |
| Jefferson | 84 | 0 |
| Lewis | 24 | 0 |
| Livingston | 125 | 0 |
| Madison | 347 | 0 |
| Monroe | 3,567 | 27 |
| Montgomery | 110 | 1 |
| Nassau | 41,585 | 41 |
| Niagara | 1,199 | 4 |
| NYC | 213,348 | 292 |
| Oneida | 1,445 | 24 |
| Onondaga | 2,734 | 32 |
| Ontario | 246 | 4 |
| Orange | 10,669 | 3 |
| Orleans | 277 | 0 |
| Oswego | 188 | 9 |
| Otsego | 83 | 0 |
| Putnam | 1306 | 1 |
| Rensselaer | 534 | 1 |
| Rockland | 13,534 | 5 |
| Saratoga | 538 | 0 |
| Schenectady | 772 | 2 |
| Schoharie | 57 | 0 |
| Schuyler | 12 | 0 |
| Seneca | 64 | 0 |
| St. Lawrence | 217 | 0 |

| | | |
|-------------|--------|----|
| Steuben | 263 | 0 |
| Suffolk | 41,101 | 45 |
| Sullivan | 1,447 | 7 |
| Tioga | 141 | 0 |
| Tompkins | 175 | 0 |
| Ulster | 1,760 | 3 |
| Warren | 262 | 0 |
| Washington | 244 | 0 |
| Wayne | 150 | 5 |
| Westchester | 34,597 | 16 |
| Wyoming | 93 | 0 |
| Yates | 44 | 1 |

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)